

Apeprè 3.8 milyon timoun ap resevwa prèske \$1.6 milya chak mwa paske youn oswa toulède paran yo andikape, retirete oswa mouri. Dola sa yo ede manm fanmi yo jwenn lavi epi ede peye pou nesosite epi bay asistans pou timoun yo ka fini lekòl segondè. Lè yon paran vin malad oswa enfim oswa mouri, benefis Sekirite Sosyal ede estabilize avni finansye fanmi an.

**NÒT:** Timoun andikape ki gen paran ki gen ti revni oswa ti kantite resous ka elijib pou resevwa benefis Revni Sekirite Sipleman. Kontakte nou pou jwenn yon kopi piblikasyon *Benefits For Children With Disabilities—Benefis Pou Timoun Malad/Enfim* (Piblikasyon Nimewo 05-10026). Piblikasyon sa a disponib nan lang Angle sèlman.

## Kimoun ki ka jwenn benefis timoun

Pitit ou ka jwenn benefis si li se pitit byolojik ou, pitit adoptif ou oswa bofis/bèlfi depanndan ou. (Nan kèk ka, pitit ou ka elijib tou pou benefis sou lajan gran paran li.)

Pou yon timoun jwenn benefis yo, li dwe gen:

- Yon paran oswa toulède paran malad oswa enfim oswa retirete epi ki gen dwa pou resevwa benefis Sekirite Sosyal; oubyen
- Yon paran ki mouri apre li fin travay pandan kont tan nan yon djòb kote li t ap peye taks Sekirite Sosyal.

Timoun nan dwe tou:

- Pa marye;
- Gen mwens pase laj 18 lane;
- 18-19 lane epi yon elèv atanplen (ki pa depase klas douzyèm); oswa 18 lane oswa plis epi lli malad oubyen enfim. (Maladi Enfimite a dwe kòmanse anvan laj 22 lane.)

## Kisa ou ap bezwen lè ou ap aplike pou benefis timoun

Lè ou ap aplike pou benefis pou pitit ou, ou ap bezwen batistè timoun nan epi nimewo Sekirite Sosyal paran timoun la epi nimewo Sekirite Sosyal timoun nan. Gen lòt dokiman ki ka nesese selon kalite benefis ki konsène a. Pa egzanp, si ou ap aplike pou benefis sivivan pou timoun nan, ou ap bezwen founi prèv lanmò paran an. Si ou ap aplike pou benefis pou yon timoun ki malad/enfim, ou ap bezwen founi prèv medikal pou pwouve andikap la. Reprèzantan Sekirite Sosyal ki wè ou ap di ou ki lòt dokiman ou ap bezwen.

## Benefis yo ka kontinye jouk nan laj 18 lane

Benefis yo sispann lè pitit ou gen laj 18 lane sòf si li se yon elèv oswa li malad enfim.

## Si pitit ou se yon elèv

Twa (3) mwa anvan anivèsè nesans pitit ou, n ap voye yon notifikasyon ba ou pou fè ou konnen benefis yo ap fini nan laj 18 lane, sòf si pitit ou se yon elèv apentant nan yon lekòl segondè (oswa lekòl elemantè). Si pitit ou poko gen laj 19 lane epi li toujou ap frekante yon lekòl segondè (oswa lekòl elemantè) li dwe fè nou konnen sa. Pou li fè sa, li dwe ranpli yon fòmilè deklarasyon ki endike yon responsab lekòl la sètifye li ap frekante lekòl la. Anjeneral, benefis yo ap kontinye jouk li gradye, oswa jouk de (2) mwa apre li gen laj 19 lane, kèlkeswa sa ki rive anvan.

## Si pitit ou malad/enfim

Benefis yo ap kontinye nan laj 18 lane pou yon timoun ki malad oswa enfim. Yo ka peye benefis maladi oswa enfimite pou timoun tou apre laj 18 lane, si maladi ou enfimite a andikap la te kòmanse avan laj 22 lane.

## Si ou ap okipe yon timoun

Si ou ap resevwa benefis paske ou ap okipe yon timoun, dat benefis pa ou ap sispann kapab diferan avèk pa timoun nan.

Si timoun nan pa malad enfim, benefis pa ou yo ap sispann lè li gen sèzan (16).

Si timoun nan malad oubyen enfim, benefis pa ou yo ka kontinye si ou gen kontwòl ak responsablite paran pou yon timoun ki gen maladi mantal oswa si ou ap fè sèvis pèsònèl pou yon timoun ki gen maladi oswa enfimite fizik. Anvan timoun nan gen sèzan (16), n ap voye ba ou yon avètisman ki dekri kondisyon pou benefis ou yo ka kontinye.

## Ki kantite yon fanmi ka jwenn?

Nan yon fanmi, yon timoun ka resevwa jouk mwatye benefis retrèt oswa mwatye benefis maladi/enfimite paran an, oswa 75 pousan benefis debaz Sekirite Sosyal paran ki mouri. Men tou, gen yon limit nan kantite lajan yon fanmi ka resevwa. Peman maksimòm fanmi an kalkile sou chak benefis Sekirite Sosyal epi li ka ant 150 ak 180 pousan kantite lajan total benefis paran an. Si kantite lajan total yo ka peye tout manm fanmi an depase limit sa a, benefis chak moun ap diminye an pwopòsyon (sof benefis paran an) jouk kantite lajan total la egal a kantite lajan maksimòm ki admisib la.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.